

Pou Piblikasyon Imedya: 26/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ASISTANS KI DISPONIB POU FÈMYE YO KI AFEKTE PA KONDISYON METEWO EKSTRÈM YO

Deklarasyon Dezas Federal 20 Mas yo Ap Pèmèt Fèmye yo ki nan 12 Konte Ki Kalifye yo Aplike pou Prè Ijans yo

Dat Limit pou Deklarasyon Yo Te Fè an 2018 yo Ap Apwoche

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a asistans ki disponib pou fèmye ki afekte pa lapli ekstrèm ak kondisyon metewo imid yo pandan sezon estival pase a. Semèn pase a, gouvènman federal la te deklare 12 konte atravè eta a kòm zòn dezaz natirèl. Ak deziyasyon sa yo, agrikiltè ki nan zòn ki afekte yo ka kalifye pou jwenn asistans, ki enkli prè ijans yo, ki soti nan Ajans Sèvis Fèm Agrikòl (Farm Service Agency, FSA) nan Depatman Agrikilti Ameriken an (United States Department of Agriculture).

“Pandan ke kondisyon metewo ekstrèm yo ap vin nouvèl nòmalite a, nou dwe pwoteje fèmye nou yo ki yo tout twò souvan pote fado evènman metewo sa yo ak rekòt ak tèren ki andomaje yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Fas a lapli ekseksif ke nou te eksperimante nan konte sa yo ane pase a, deklarasyon yo pral asire ke fèmye yo ap gen aksè a fon ijans ke yo bezwen pou ede yo rebran janm epi rekipere apre pèt devastatris sa yo.”

“Kominote yo atravè eta a te afekte pa evènman metewo ekstrèm yo ki gen ladan lapli konsiderab yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Deziyasyon 12 konte yo kòm zòn dezaz natirèl yo pral bay fèmye nou yo resous ke yo bezwen pou ka rekonstwi pi byen epi asire reyisit ki ap kontinye.”

Deklarasyon an Mas 2019 yo

An repons a kondisyon metewo ekstrèm nou te eksperimante pandan sezon estival 2018 lan, gouvènman federal la te deklare semèn pase a Konte Allegany, Broome, Cattaraugus, Chautauqua, Columbia, Dutchess, Putnam, Rensselaer, Steuben, Suffolk, Tioga ak Westchester kòm konte dezaz segondè yo. Detèminasyon yon deklarasyon dezaz baze sou rapò pèt pwodiksyon sou fèm yo te fè nan FSA.

Agrikiltè nan konte ki kalifye yo genyen ywit (8) mwa apati de dat deklarasyon katastwòf la pou aplike pou prè ijans yo. FSA a konsidere chak aplikasyon pou prè ijans dapre enpòtans pèt pwodiksyon fèm nan, ansanm ak kapasite sekirite ak kapasite pou repeye operatè a genyen. Biwo FSA lokal yo ka founi agrikiltè ki afekte yo plis enfòmasyon. Ou ka jwenn enfòmasyon kontak biwo yo [la a](#).

Deklarasyon 2018 yo

Gouvènè a te raple fèmye yo tou dat limit pou aplikasyon pou prè yo ap apwoche dat 1 Avril 2019 pou deklarasyon dezaz natirèl yo ke yo te chwazi an sezon Ete 2018.

Nan mwa Dawout 2018, yo te chwazi Konte Columbia, Dutchess, Greene, Orange, Putnam, Rensselaer, ak Ulster yo kòm konte dezaz yo akoz dega ki te koze pa gwo van eksef yo, grèl, kout zèklè ak yon tònad. Pwodiktè ki nan konte sa yo pral gen jiska dat 1 Avril 2019 pou aplike pou prè ijans yo pou ede kouvri pati nan pèt aktyèl yo. Pou ka jwenn plis enfòmasyon, vizite sit entènèt FSA a [la a](#).

An plis, an Fevriye 2019, fèmye Konte Orange yo te vin kalifye tou pou asistans federal lè yo te chwazi konte a kòm yon konte dezaz kòm yon konsekans lapli eksef yo, imidite ak van ki gen fòs tanpèt yo nan Ouragan Florence ki te rive ant dat 20 Jiyè rive 27 Septanm 2018. Dat limit pou moun aplike pou yon prè ijans anba deziyasyon sa a se 4 Oktòb 2019. Pou ka jwenn plis enfòmasyon, vizite sit entènèt FSA a [la a](#).

Komisè Eta a Richard A. Ball te deklare, “Antan ke yon fèmye, mwen konnen twò byen ravaj ke metewo ekstrèm yo ka fè sou rekòt nou yo ak yon operasyon fèm. Nou ankouraje fèmye ki nan konte ki kalifye sa yo pou tire avantaj de resous ke yo ap mete disponib pou ka konpanse nenpòt pèt pandan sezon estival pase a epi asiste yo nan sezon kilti ane sa a”.

Manm Kongrè a Sean Patrick Maloney, yon manm Komite Agrikilti nan Palman an (House Committee on Agriculture), te deklare, “Kèk fèmye nan Hudson Valley te pèdi prèske mwaye rekòt yo akoz gwo lapli ekstrèm yo ki te frape zòn nou an ane pase. Modèl pèt sa a ka andomaje fèm familyal yo sevèman, ki se rezon pouki yon deklarasyon federal enpòtan anpil isit la. Fèmye lokal nou yo ka repoze ak kè yo pi poze lè yo konnen ke yo gen aksè a sipò federal si yo bezwen li”.

Manm Kongrè Lee Zeldin te deklare, “Deklarasyon dezaz yo ka vle di tout diferans pou sila yo ke lavi yo te devaste pa yon evènman metewo ki fè dega. Fèmye yo konte sou yon bon rekòt pou yo ka byen pase ane a, epi lè gwo van, lapli, oswa tanperati ekstrèm yo detwi tout sa ke yo te travay di anpil pou yo, yo dwe konnen ke yo gen sipò ak resous ki nesèsè pou yo ka rekipere”.

Manm Kongrè Anthony Brindisi te deklare, “Kominote ki nan Southern Tier yo te jwenn jiska 5 pous lapli nan yon jou nan sezon estival pase a, ki te afekte sevèman fèm yo ki te deja an difikilte ak pri fèb pou pwodwi yo. Mwen kontan dèske deklarasyon sa a pral elaji resous pou fèmye yo epi ede yo rekipere. Mwen rete angaje nan travay ansanm ak otorite lokal, eta ak federal yo pou asire ke nou ap bay resous ki nesèsè pou sipòte kominote nou yo nan moman nesèsite yo”.

Senatris Jen Metzger, Prezidan Komite Agrikilti nan Sena a (Senate Agriculture Committee), te deklare, “Metewo ekstrèm ke nou ap eksperimante kòm yon konsekans chanjman klimatik yo menase lavi fèmye nou yo ak ekonomi rural nou an. Pandan ke nou ap kontinye abòde koz prensipal chanjman klimatik yo, fon ijans sa yo pou fèm yo ki sitiye nan zòn dezaz natirèl ke yo te chwazi yo krisyal pou ede fèmye yo rekipere de pèt sa yo ki te koze pa lapli ekstrèm pandan sezon estival pase an”.

Manm Asanble a Donna Lupardo, Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Agriculture Committee), te deklare: “Fèmye yo twò familye ak efè kondisyon metewo ekstrèm yo. Gwo lapli pandan sezon estival pase a te ravaje rekòt yo nan konte sa yo,

epi yo te fè yon gwo enpak sou biznis ti fèm yo ki la a. Pandan ke fèm yo ap kontinye rebran fòs, deziyasyon sa a pral ede yo aksede a resous ki nesese anpil”.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)